The Home for Little Wanderers
271 Huntington Ave.
Boston, MA 02115

Tel. 617-267-3700
TTY. 617-927-0699
www.thehome.org

Avi pou pratik diskresyon

The Home for Little Wanderers respekte afè prive'ou. Nou vle enfòme ou sou pratik diskresyon pou pwotege enfòmasyon sante ou. Avi sa 'a dekri kijan yo ka itilize epi pibliye enfòmasyon sou sante ou ak ki jan ou kapab gen enfòmasyon sa yo. ***Tampri revise li ak atansyon.***

ENTRODIKSYON

Avi sa'a sou Pratik diskresyon dekri kijan nou kapab itilize ak pibliye enfòmasyon sante ou pou ou fè trètman, peman ou byen operasyon swen sante ou ak lòt bagay ki gen rapò ke la lwa mande ou byen pèmèt. Avi sa'a dekri tou dwa ou sou enfòmasyon sante pa ou ke nou genyen ak yon brèf deskripsyon ki esplike ki jan ou kapab egzèse dwa sa yo. Avi sa'a pale di plis sou obligasyon nou genyen pou pwotege enfòmasyon sante ou.

"Pwotege enfòmasyon sante" vle di enfòmasyon sante (ak tout enfòmasyon nou jwen sou ou) nou pran yo nan men ou ou byen nan men prokirè sante ou, kompayi asirans, patwon/bos mèt travay ou "ou byen moun ki an chaj swen sante a. Li kapab enkli enfòmasyon sante sou pase/ avan, kounya ak pi devan ou byen kondisyon sante mantal ou byen fisik, provizyon swen sante ou ak peman pou sèvis swen sante'ou.

La lwa mande pou nou kembe enfòmasyon sante ou avèk diskresyon epi pou nou bay ou avi sa'a sou devwa legal nou ak pratik diskresyon vèk respè sou enfòmasyon sante ou. Nou mande pou obeyi kondisyon aktyèl avi pou pratik diskresyon .

KI JAN NA ITILIZE EPI PIBLIYE ENFOMASYON SANTE

Nou ap itilize epi pibliye enfòmasyon sou sante ou jan li dekri nan chak kategori en ba nan lis la . Pou chak kategori, nou va esplike en gwo sa nou vle di, men nou pap dekri tout itilizasyon ak piblikasyon espesifik sou enfomasyon sante.

Itilizasyon ak Piblikasyon ki kapab fèt Pou trètman, Peman ak Operasyon

Pou Trètman. Nou kapab itilize ak pibliye enfòmasyon sante ou san otorizasyon ou pou bay ou swen medikal ak tout lòt sèvis ki gen pou wè avèk sante. Doktè ak pèsonel swen dirèk patage enfòmasyon sante ou de tan zan tan pou asire ke nou tout kompran ki trètman ke ou bezwen. Nou kapab itilize ak pibliye enfòmasyon sante ou pou kapab koodone ou byen kontwole swen sante ou ak sèvis ki gen rapò. Pa egzamp, nou kapab pibliye enfòmasyon sante ou bay manejè ka ou'a ki reskonsab pou koòdone swen ou. Epi tou, avèk pèmisyon ou nou va pibliye enfòmasyon sante ou, bay lòt prokirè swen sante (sa vle di, doktè ou , yon laboranten, yon famasyen) ki travay deyò The Home.

Pou Peman. Nou kapab itilize ak pibliye enfòmasyon sante ou san otorizasyon ou konsa yap peye pou trètmam ak sèvis ke ou resevwa to, epi kompayi asirans ou avèk lòt twazièm pati ki gen pou peye sevis ke ou resevwa. Nou kapab itilize ak pibliye enfòmasyon sante ou pou pèmète asirans ou a fè kèk bagay avan ke yo apwouve ou byen peye pou sèvis ou yo. Men ki jan de bagay yo kapab fè:

- Deside si ou gen dwa jwenn asirans sante;
- Revize sèvis ou yo pou detèmine si yo te nesesè daprè règleman asirans sante ou;
- Revize sèvis ou yo pou detèmine si yo te otorize ou byen sètifye swen ou davans ou byen ;
- Revize tout aspè sèvis ou yo pou ou wè si ou jwen swen ou bezwen; ou byen pou ou wè si lajan an byen depanse.

Pa egzamp, plan sante ou kapab mande pou nou pataje enfòmasyon sou sante ou pou yo wè si ou bezwen plis terapi.

Pou fonksyonman swen sante. Nou kapab itilize ak pibliye enfòmasyon sante ou san otorizasyon ou byen pou operasyon swen sante'ou. Itilizasyon ak piblikasyon sa yo nesesè pou kompayi a kapab mache ak asire ke tout kliyan resevwa bon jan swen. Nou vle di, pa egzamp, egzamine epi amelyore kalite, enspekte jan pèsonèl klinik yo trvay epi kalifikasyon yo, bay etidyan fèmasyon nan aktivite klinik, lisans, akreditasyon, administrasyon ak devlopman biznis epi tout aktivite administrasyon.

Nou kapab konbine enfòmasyon sante plizie kliyan pou deside ki lòt sèvis nou kapab ofri, ki sèvis ke nou pa bezwen epi si nouvo sèvis ke nou ofri yo bay randman. Nou kapab kombine enfòmasyon sante avèk enfòmasyon sante lòt prokirè pou kompare ki jan nou ye epi wè ki kote pou nou pwogrese nan sèvis nou yo. Lè nou konbine enfòmasyon sante nou avèk enfòmasyon lòt pwokirè, na retire enfòmasyon sou idantite ou konsa lot moun kapab itilize enfòmasyon sa pou fè rechèch sou sante ou byen sou ki jan pou bay swen san ke yo pa idantifie yon kliyan espesifik.

Nou kapab itilize ak pibliye enfòmasyon sante ou pou kontakte ou pou fè ou sonje ou gen yon randevou.

Itilizasyon Ak Piblikasyon Ki Kapab Fèt San Otorizasyon Ou, Men ou Va Genyen Yon Opotinite Pou mete opozisyon

Annyè edifis. Nou kapab gade yon annyè edifis ki geyen sèlman pwogram trètman pou rezidan yo pou kapab fasilite vizitè ak moun kap rele lokalize ou epi pou pèmèt pè ou pastè ak lot otorite relijye detèmine nan ki relijion ou mache ou byen ou afilye. Enfomasyon sa ya bay sèlman moun ki mande pou ou dirèk; lap bay non ou, eta sante ou ou ak relijyon ou. Si yo ap pale de eta sante ou pa egzamp, yo ka di ou stab ou byen yo ka di moun nan ki lè ou ka resevwa vizit o swa kout telefon, men yo pap di moun nan ki maladi ou soufri ak ki trètman wap resevwa. Yo di nou relijyon ou depi lè ou fèk antre alòske nou ka di pè ou byen pastè a non ou epi kote ou ye menn si pèou byen pastè ou byen raben an pa mande pou ou dirèk.

Lèke yo aksepte ou nan pwogram trètman pou rezidan nou an, an general ou genyen opotinite pou refize non ou parèt nan annyè nou an. Si ou decide pa mete non ou nan annyè edifis, nou pap bay enfomasyon ou ni manb relijie ni pèson ki mande pou yo. Nou pap idantifye ou tankou ou prezan nan pwogram nan. Si yo te fè admisyon ou an ijans , doktè ki reskonsab pou admisyon ou an va deside si , nan pwòp jijman pwofesyonel yo si ou kapab aksepte ou refize nan annyè a (sa vle di ou pa kapab pran desisyon epi ou pa kapab kominike klèman), doktè a va deside si li nan enterè ou pou yo mete non ou nan anyè a. Si pi devan ou kapab deside sou zafè sante ou, na va mande'ou si ou dako o refize non ou parèt nan annyè epi nap respekte volonte ou lè sa'a.

Nou pa kembe yon anyè pou pasyan esyèn nan lòt pwogram kominote de baz yo. Si yo mande, nou pap konfime vèbalman, pa ekri, ou byen ninpòt ki lòt moyen ke ou se kliyan nou konye a oubyen ou se yon ansyen kliyan, sòf pou paragraf an ba a ki di " moun ki enplike nan swen sante ou."

Moun ki emplike nan swen ou. Nou kapab bay enfòmasyon sante ou a moun ki ede peye pou swen sante ou. Nou kapab itilize ou pibliye enfòmasyon sante pou avise oy byen ede avise yon manb nan fanmi ou, yon reprezantan ou byen nenpòt lòt moun ki reskonsab pou swen lokasyon an, kondisyon jeneral ou byen lanmò. Nou kabap itilize ou byen pibliye enfòmsasyon sante ou bay yon antite ki ede ou nan ka de dezas epiki koodone itilizasyon ak piblikasyon pou ou fè fanmi ak lòt moun ki emplike nan swen sante ou.

Nan sèten sikonstans, nou kapab bay enfòmasyon sante ou a yon zanmi ou byen manb fanmi ki emplike nan swen ou. Si ou prezan epi ou gen kapasite pou ou pran desizyon sou swen sante ou, yo kapay pibliye enfomasyon sante avèk konsantman ou a moun ke ou deziye pou emplike nan swen ou.

Men, si ou nan yon sitiasyon ijans, nou kapab bezwen bay lòt moun tankou fanmi, mennaj ou byen bon zanmi'ou konsa moun sa kapab ede nan pran swen ou. Nan yon sitiasyon parèy, nou va detèmine si piblikasyon an nan bob enterè e sèlmam pibliye enfòmasyon ki trè empòtan nan patisipasyon sante ou. Epi, si ou pa nan sitiasyon ijans men ou pa kapab pran desizyon sou swen sante ou nou kapab pibliye enfòmasyon sante ou bay:

- si li aplikab, ajans eta a ki reskonsab pou konsanti pou swen ou, ou byen
- moun ki reskonsab ou byen moun ki kontwole medikaman si gen yon moun ke leta te dezenye.

Itilizasyon Ak Piblikasyon Ki Kapab Fèt San Otorizasyon Ou, Men ou Va Genyen Yon Opotinite Pou mete Opozisyon

Ijans. Nou kapab itilize ak pibliye enfòmasyon sante ou san otorizasyon nan yon sitiasyon trètman dijans. Pa egzamp, nou kapab bay enfòmasyon sante ou a yon paramedik kap transpote'w nan lanbilans. Si yon doktè la lwa mande pou trete ou epi pa kapab jwenn otorizasyon ou pèsonèl la kapab bay enfòmasyon sou sante ou pou ou kapab jwenn trètman ki nesesè a.

Rechèch. Nou kapab pibliye enfòmasyon sante ou bay moun ki fè rechèch si yon depatman enstitisyon rechèch ou byen yon depatman prive similè aksepte rechèch yo a konsidere pwopozisyon rechèch epi etabli pwotokòl pou pwotege enfòmasyon prive sante ou.

Jan la lwa mande'l la. Nap bibliye enfòmasyon sante ou lenou dwe fè li selon lwa federal, eta ou byen lokal.

Pou evite menas serye sou sante ou ou byen sekirite ou. Nou kapab itilize ak pibliye enfòmasyon sante si se nesesè pou ampeche yon menas serye pou sante ou byen sekirite ou, ou byen pou sante ou sekirite piblik la ou byen yon lòt moun. Nan sikonstans sa yo, na pibliye enfòmasyon sante ou sèlman bay yon moun ki kapab ede ampeche ou byen diminye menas la.

Donasyon Ogan ak Tisi. Si ou se yon ògan donè, nou kapab revele enfòmasyon sante ou bay oganizasyon ki resevwa ògan ou byen lòt antite ki anchaj de ògan zye, ou byen po, ou byen ki sèvi kòm bank donasyon ògan ak transplantasyon.

Aktivite Sante Piblik. Nou kapab pibliye enfòmasyon sante sou ou si se nesesè pou aktivite sante piblik ap enkli piblikasyon tankou:

- rapò pou otorite piblik yo nan entansyon pou anpeche ou byen kontwole maladi, aksidan ou byen andikap;
- rapò vital sou evènman takou nesans oubyen lanmò;
- menen yon ankèt sou siveyans sante piblik ou byen envestigasyon;
- rapò sou abi ak neglijans ti moun;
- rapò pou FDA (Food and Drug Administration). Rapò sayo enkli enfòmasyon sou move pwodi ak medikaman ki bay pwoblèm;
- avize konsomatè yo lè FDA fè antre yon pwodui ;
- avize yon moun ki an danje paske li te ekspoze a yon maladi ki atrapan epi gen chans pou li bay lòt moun li;
- Avize yon ajans nan gouvènman ki la pou sa, si gen yon gran moun nou kwè kap abize ou byen neglije ou byen maltrete. Nap avize yon ajans gouvènman sèlman si nou jwenn pèmisyon ou byen si la lwa mande nou pou nou rapòte neglijans, abi ak vyolans sa yo.

Aktivite Enspeksyon Sante. Nou kapab revele enfòmasyon sou sante ou bay yon ajans enspeksyon pou aktivite la lwa pèmèt. Ajans enspeksyon yo enkli ajans gouvènman kou wè nan Depatman Sante Piblik nan Massachusetts ki anchaj sistèm swen sante, pwogram èd gouvènman kòm Medicaid, lòt pwogram gouvènman ki okipe de swen sante avèk dwa moun.

Ki jan pou nou bay Enfòmasyon sou Pwosedi la Lwa. Nou kapab devwale enfòmasyon sou sante ou bay yon tribinal lè yon jij mande nou fè sa. Nou kapab revele enfòmasyon sa yo nan yon tribinal san pèmisyon ou ou byen san lòd yon jij lè:

- Lè ou pral devan la jistis epi nou resevwa lòd la jistis pou nou bay enfòmasyon sou sante ou. Nòmalman nou pap bay enfòmasyon sa a san otorizasyon ou lè la lwa mande, si enfòmasyon an konsène dosye sou izaj dwòg ou byen enfòmasyon sou SIDA ou byen HIV ou byen egzamen jenetik;
- si enfòmasyon sou sante ou la enplike enfòmasyon ou te bay pandan yon egzamen sikyatri tribinal te voye ou al fè;
- si ou prezante kondisyon mantal ou byen emosyonel ou kòm evidans pou apiye defans epi si jij la aksepte pou nou revele enfòmasyon sa;
- si ou rele nenpòt doktè nou yo la jistis pou move pratik ou byen si ou pote plent devan komite doktè yo kont yon doktè;
- si pwosedi lajistis la enplike gad ti moun, adopsyon ou byen bay ti moun ak entansyon pou yo adopte li epi jij la aksepte pou nou revele enfòmasyon sou sante ou;
- si yon manm pèsonèl nou entwodi yon pwosesis osinon ap sèvi temwen nan yon pwosesis ki emplike swen la kay pou ti moun ou byen voye yon ti moun sou kont Depatman sèvis sosyal Massachusetts(Massachusetts Department of Social Services).

Aktivite La polis. Nou kapab devwale enfòmasyon sou sante ou bay yon ajan lapolis pou rezon la lwa:

- Si ou dakò ; ou byen
- lè se yon tribinal ki òdone pou nou bay enfòmasyon an; ou byen
- si nou jije ke sa la lwa mande a se pou reponn a yon menas aktivite danjere ou kapab fè kont ou menm ou byen yon lòt moun ; ou byen
- Si pou yon lòt rezon la lwa mande pou nou revele enfòmasyon an.

Nou kapab bay enfòmasyon sou sante yon kliyan ki se viktim yon krim san nou pa gen lòd tribinal epi san la lwa pa mande sa. Sepandan nou va fè sa sèlman si se yon reprezantan la lwa ki mande li epi si viktim nan dakò. Si viktim nan pa nan pozisyon pou li gen yon opinyon, men sa ki kapab fèt:

- reprezantan la lwa a fè nou konnen ke : 1) se pa sou viktim nan yo ap fè envestigasyon an, epi 2) gen yon gwo aktivite lajistis pou fè fas a yon gwo danje pou viktim nan ak lòt moun ki depann de enfòmasyon an : epi
- nou jije ke revele enfòmasyon sa a ap nan enterè viktim nan.

Doktè Otopsi ou byen direktè Pomp Finèb. Nou kapab bay yon doktè otopsi enfòmasyon sou sante kliyan nou. Se la lwa ki anplwaye doktè otopsi yo pou yo ede idantifye moun ki mouri epi jwen ki sa ki koz la mò yo kèk fwa . Noukapab bay direktè ponp finèb menm enfòmasyon sa pou yo kabab fè travay yo.

Militè ak Veteran. Si ou nan militè, nou kapab revele enfòmasyon sou sante ou lè ofusye sipèvizè lame yo mande sa. Nou kapab revele enfòmasyon sa yo tou pou detèmine si ou gen dwa resevwa benefis nan menm Depatman afè Veteran. Finalman si ou se manm yon sèvis militè etraje, nou kapab devwale enfòmasyon sou sante ou bay otorite militè etranje sa yo.

Sekirite Nasyonal epi Sèvis Pwoteksyon pou Prezidan ak lòt Pwoteksyon. Nou kapab revele enfòmasyon sou sante ou bay otorite federal pou entelijans, kont-entelijans epi lòt aktivite sekirite nasyonal ke la lwa otorize. Nou gen dwa revele enfòmasyon sou sante ou tou bay ajans federal ki otorize, de fason pou yo kapab pwoteje prezidan an lòt moun ki kalifye ou byen chèf deta lòt peyi pou yo kapab mennen envestigasyon espesifik.

Prizonye. Si ou nan prizon ou byen si ou sou kont yon ajan lapolis nou kapab bay prizon sa a ou byen ajan sa a enfòmasyon sou sante ou .

Kompansasyon pou Travayè. Nou kapab revele enfòmasyon sou sante ou pou nou obeyi la lwa Massachusetts sou kompansason pou travayè. Enfòmasyon sa yo dòdinè nou bay yo lè nou resevwa yon lèt tribinal ou byen lè la lwa voye yon manda pou mande enfòmasyon sa yo.

Isaj ak Revelasyon Enfòmasyon sou Sante ou avèk Pèmisyon ou

Isaj nou pat mansyone nan lòt pratik diskresyon yo, se avèk pèmisyon ou pa ekri sèlman yo kapab fèt. Sa rele « otorizasyon». Ou gen dwa anile otorizasyon sa a nenpòt lè ou vle. Si ou anile otorizasyon an, nap sispann itilize ak devwale enfòmasyon sou sante ou ke ou te otorize nou itilize a mwens ke nou te deja kòmanse kèk aksyon daprè otorizasyon ou te deja bay pou nou itilize ak devwale enfòmasyon sou sante ou.

Dwa konsènan enfòmasyon sante ou

Dwa pou enspekte ak kopye. Ou gen dwa pou ou mande yon opòtinite pou enspekte ou byen kopye enfòmasyon sou sante ou ke yo itilize pou fè desisyon sou swen yo bay ou kelke swa se desisyon sou trètman ou swa ki jan pou ou peye pou swen ke yo bay ou. Jeneralman, sa ap enkli dosye klinik ou ale avèk kote yo peye lajan, men li pap enkli lòt sikoterapi.

Ou dwe fè demand ou pa ekri ou dirèkteman nan pwogram The Home's kote ke wap resevwa sèvis konnye a ou byen nan Koòdinatè Dosye Medikal (Medical Records Coordinator), ki nan 780 American Legion Highway, Roslindale, MA 02131. Si ou mande yon kopi enfòmasyon sa'a ou kapab mande ou pou peye yon frè pou kopi yo, pou poste yo ak tout founiti ki gen pou wè ak demand ou a.

Nou kapab refize demand ou fè pou enspekte ou byen kopye enfòmasyon sante ou nan yon seri de sikonstans ki limite. Nan kèk ka, lè yo refize ou, ou gen dwa pou yon pwofesyonèl swen sante ki pa emplike nan desisyon ke yo te pran avan an. Nap voye yon lèt bay ou pou nou fè ou konnen nou ka analize ka a ankò aprè ke nou te refize ou. Lè nou fini analize ka a, nap aksepte desisyon ke pwofèsyonèl swen sante a te fè.

Dwa pou fè Chanjman. Depi nou genyen dosye ou gen dwa mande pou change nenpòt enfòmasyon ke nou itilize pou pran yon desisyon sou swen ke nou bay ou – kelke swa se desisyon sou trètman ou, ou byen pou peman ou byen pou peman swen ke ou resevwa. Jeneralman, sa ap enkli dosye sou klinik kote ou ale avèk kote yo peye lajan men li pap enkli nòt sikoterapi .

Pou mande yon chanjman, ou sipoze prezante yon dokiman ekri bay pwogram (The Home's) kote ke wap resevwa sèvis konnye a ou byen nan koòdinatè Dosye Medikal (the Medical Records Coordinator), ki nan 780 American Legion Highway, Roslindale, MA 02131epi di nou pou kisa ou kwè ke enfòmasyon sa yo pa korèk.

Nou kapab refize demand pou chanjman an si se pa yon lèt ou voye ou byen si li pa genyen yon rezon ki sipòte demand ou an. Nou kapab refize demand ou si ou mande nou change enfòmasyon sou sante ou:

- se pat te nou ki te fè li , a mwen ke moun ki te fè dosye enfòmasyon sante ou a li pa disponib pou fè chanjman an ;
- ou byen li pa fè pati enfòmasyon sou sante ou ke nou kenbe pou fè desisyon sou sante ou;
- li pa fè pati de enfòmasyon sante ou ke ou tap gen dwa enspekte ou byen kopye; ou byen
- si li korèk epi komplè.

Si nou refize demand pou chanjman an, nap voye yon lèt ba ou ki di pou ki sa nou refize bay ou yon opòtinite pou ou voye yon lòt lèt ki montre ke oupa aksepte refi sa a. Si ou pa vle ekri yon lèt kote ke ou montre ke ou pa dakò, ou kapab mande pou yo mete chanjman sa avèk tout lèt refi nou an yap atache li nan tout lòt piblikasyon ka gen pou fèt sou enfòmasyon sante ou ki se rezon demand ou a.

Si ou chwasi pou ekri yon lèt ki montre ke ou pa dakò nou gen dwa reekri yon lèt ki montre ke nou pa dakò avèk ou. Nan ka sa'a, nap atache lèt demand ou a ak tout premye lèt ou a (ak tout orijinal lèt demand ak lèt refi ou a) nan tout lòt demand ki fè sou piblikasyon enfòmasyon sante ou.

Dwa pou Mande yon Lèt de tout Piblikasyon. Ou gen dwa pou mande nou yon lis de tout piblikasyon ke nou fè sou enfòmasyon sante ou. Men, nan lis sa nou pap enkli tout piblikasyon nou fè pou trètman, peman, ak operasyon pou swen sante'ou. Pou ou mande lis piblikasyon sa 'a, ou dwe fè demand ou a pa ekri nan pwogram The Home's program kote ke wap resevwa sèvis konnye a, ou byen ak Koòdinatè Dosye Medikal (the Medical Records Coordinator), ki nan 780 American Legion Highway, Roslindale, MA 02131. Ou kapab fè demand ou nan fòm ki rele, "Request For Accounting," ke ou kapab jwenn nan pwogram ou an ou byen nan men Ajan Diskresyon nou an. Demand nan dwe di de ki lè a ki lè ou ta renmen resevwa lis sa a. Peryòd de tan sa a pa dwe plis ke sizan epi li pa dwe date avan 14 avril 2003.

Premye lis ou mande pandan peryòd douz mwa ap gratis. Pou lòt demand pandan menm peryòd douz mwa sa a, nap fè ou peye yon frè pou bay ou lis sa. Nap fè ou konnen konbyen pou ou peye epi ou kapab chwazi pou retire ou byen chanje demand nan avan nou bay ou pri.

Dwa pou Mande Restriksyon. Ou gen dwa pou mande yon restriksyon sou enfòmasyon sante ou ke nou itilize ou byen pibliye sou zafè trètman, sa ou peye, ak operasyon pou swen sante. Ou kapab mande pou nou pa pibliye yon pati (ou byen okenn) enfòmasyon sante ou bay manm fanmi ou byen zanmi ou ki enplike nan swen ou pou avize yo, ke nou deja dekri nan Avi sa a.

Ou dwe mande yon restriksyon pa ekri epi dirije li a Ajan Diskresyon (Privacy Officer) ki nan 271 Huntington Avenue, Boston, MA 02155. Ajan Diskresyon (Privacy Officer) pral mande ou pou ou rampli yon Fòm pou Restriksyon (Request for Restriction Form), ke ou dwe rampli epi tounen li bay Ajan Diskresyon (the Privacy Officer). Nou pa oblije tombe dakò avèk restriksyon ke ou mande a. Si nou tombe dakò, nap aksepte demand ou a mwen ke yo beswen enfòmasyon sante ou ki genyen restriksyon pou yon trètman en ka dijans.

Dwa pou ou mande yon kominikasyon konfidansyèl. Ou gen dwa pou ou mande ke nou kominike avèk ou sou swen sante ou nan yon seri de kote ou byen a travè sèten metòd. Pa egzamp, ou ka mande ke nou kontakte ou sèlman nan travay ou byen pa email. Pou yon kominikasyon konfidansyèl konsa ou dwe ekri pwogram The Home's ke wap resevwa sèvis nan men yo konnye a . Nap fè tout sa nou kapab pou deman ki rezonab yo. Ou pa bezwen di nou pou ki rezon ou fè demand la, men deman la dwe fè nou konnen ki kote pou nou kontakte ou.

Dwa pou yon kopi pa ekri de Avi sa a. Ou gen dwa pou ou mande yon kopi pa ekri de Avi pou Pratik Diskresyon (Notice of Privacy Practices) nenpòt lè. Menm si ou dakò pou ou resevwa yon kopi pa ekri, pou ou jwen kopi sa a, mande pwogram The Home's kote ke wap resevwa sèvis konnye a, ou byen kontakte Ajan Diskresyon (the Privacy Officer) nan 617-585-7544.

Chanjman nan Avi sa'a

Nou rezève dwa pou nou chanje tèrm nan avi pou pratik Diskresyon an. Nou rezève tout dwa pou nou revize ou chanje avi pou Pratik Diskresyon ki ap sou pye nan tout enfòmasyon sante nou deja genyen enfòmasyon sou ou ak tout lòt enfòmasyon sante na resevwa. Na afiche yon kopi de Avi pou Pratik Diskresyon ki aktyèl la nan biwo santral la ak nan chak sant kote nou bay swen. Ou kapab jwenn yon kopi aktyel Avi pou Pratik Diskresyon si ou rele nou nan 617- 267-3700 epi mande pou yo voye kopi a pou ou pa lapòs ou byen mande pou yon nenpòt lè ou nan biwo ou byen nan youn nan pwogram nou yo.

Plent

Si ou santi ke yo viole dwa diskresyon ou ou gen dwa pou ou pote plent nan biwo Sekretè Sante ak Sèvis Imen nan. Pou depoze plent pou nou, tanpri kontakte Ajan Diskresyon nou an (Privacy Officer). Tout plent yo dwe fèt pa ekri.

Ou kapab kontakte Ajan Diskresyon pou the "Home's" nan 271 Huntington Ave., Boston, MA 02115, telefon li se 617-585-7544, email li se nrosenberg@thehome.org, "the Home's" ap ede ou ekri plent ou a si ou mande èd sa a nou pap pran revanj kont ou si ou pote yon plent.

Effective April 2003